



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ SOLÈ 2.76 MEGAWAT BALDWINVILLE LA FINI POU SÈVI ANHEUSER-BUSCH

Pi Gwo Enstalsyon Ekstèn Anheuser-Busch nan nasyon an, li sifi pou brase plis pase 3 milyon kès bwason anyèlman

AES Distributed Energy pote sistèm enèji distribiye ki fyab ak ekonomik bay brasri

Investisman an Konplemante "CNY Rising" - Estrateji Global Rejyon New York Santral lan pou Revitalize Kominote yo epi Devlope Ekonomi an

Li Sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Cuomo a ki Mande pou 70 Pousan Elektrisite Eta a Soti nan Resous Renouvlab yo apati 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yo fini yon pwojè solè 2.76 megawat nan Rejyon New York Santral. Li chita nan Vil Van Buren, brasri Anheuser-Busch nan Baldwinsville se inik prenè nan pwojè solè komèsyal la, ki konplete pwogram "Central New York Rising", estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominote, epi sipòte Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Andrew M. Cuomo a ki se lidè nan nasyon kote li mande pou 70 pousan elektrisite eta soti nan sous renouvlab apati 2030 ak 6,000 megawat k ap solè apati 2025.

"New York ap fè investisman kòm lidè nan nasyon an nan resous enèji renouvlab ki sipòte ekonomi enèji pwòp nou an k ap devlope rapidman epi ofri antrepriz yo ak rezidan yo yon enèji ki pi pwòp ak pi ekonomik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a ilistre efò nou pou sipòte pwojè solè atravè eta a ki pote benefis anviwònmantral ki konsiderab, pandan l ap estimile kwasans ekonomik ki pral sèvi Nouyòkè pou jenerasyon k ap vini yo."

"Pwojè solè konsiderab sa a nan men Anheuser-Busch ak AES Distributed Energy pral itilize sous enèji renouvlab ak ede redwi emisyon gaz a efè sè", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a, te deklare.** "Investisman an, kòm yon pati nan NY-Sun, kontinye efò nou pou atire ak ankouraje pwojè modèn ki ekonomize lajan pou konsomatè ak avanse objektif enèji pwòp New York ki lidè nan nasyon an. Etablisman solè a ede pwoteje anviwònman an, kreye opòtinite travay ak devlope ekonomi an nan New York Santral."

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy and Development Authority, NYSERDA), atravè pwogram NY-Sun, te ofri plis pase 1.1 milyon dola nan sipò pou sistèm lan ki enkli plis pase 8,300 pano solèy - sa ki rann li vin pi gwo enstalasyon ekstèn pou Anheuser-Busch jiska dat nan Etazini. Li chita 9.65 kilomèt de brasri konpayi an nan Baldwinsville, sistèm 2.76 megawat la pral pwodwi plis

pase 3 milyon kilowat-èdtan anyèlman, ki ekivalan ak founi sifizaman pou brase 3 milyon kès bwason anyèlman.

Se AES Distributed Energy, Inc. ki posede ak opere sistèm solè a, epi yo te devlope li pou sipòte objektif anbisye Anheuser-Busch pou achte 100 pousan elektrisite li nan sous renouvlab apati 2025.

Anheuser-Busch deja resevwa 50 pousan elektrisite li achte nan enèji ewolyèn, ki se plis pase kantite elektrisite ki nesese pou brase byè Budweiser nan Etazini chak ane.

NY-Sun se inisyativ 1 milya dola Gouvènè Cuomo pou avanse pwojè solè a gran echèl epi fè Eta avanse pipre pou gen yon endistri solè dirab, endepandan. Depi 2011, enèji solè nan Eta New York la te ogmante plis pase 1,500 pousan epi rantabilize prèske 3.5 milya dola nan envestisman prive. Envestisman sa yo sipòte prèske 12,000 moun ki angaje nan djòb solè atravè eta a. Antrepriz ki enterese nan aprann plis sou enèji solè ka vizite [sit wèb](#) NY-Sun lan.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Gouvènè Cuomo te rann patenarya prive-piblik senbòl apwòch global eta a nan planifikasyon pou fiti a epi yon eleman vital pou New York tounen youn nan mache solè k ap devlope pi rapid nan nasyon an. Nou eksite pou asosye ak AES Distributed Energy ak Anheuser-Busch nan jerans anviwòmantal yo an atravè pwojè sa a ak angajman yo pou redwi emisyon atravè resous enèji renouvlab tankou solè".

Woody Rubin, Prezidan AES Distributed Energy, te deklare, "Nou aplodi Eta New York pou wòl lidèchip li nan tranzisyon pou renouvlab epi Anheuser-Busch pou angajman li pou achte elektrisite renouvlab a 100 pousan. Nou fyè pou sipòte New York ak Anheuser-Busch nan fè pwogrè nan direksyon reyalize objektif yo ak akselere yon fiti ak enèji ki pi pwòp gras ak pwojè Baldwinsville la".

Ingrid De Ryck, Vis-Prezidan Akizisyon ak Dirabilite nan Anheuser-Busch, te deklare, "Angajman nou pou kominote nou yo ak anviwòmman nou an mache men nan lamèn. Ak pwojè solè sa a, nou fyè pou kontinye envesti nan enèji renouvlab nan yon kominote anplwaye nou yo rele kay yo, pou pote objektif dirabilite nou yo nan reyalite dirèkteman nan lakou lakay nou".

Senatè Robert E. Antonacci te deklare, "Pwojè solè 2.76 Megawat Baldwinsville ki fini an se yon gwo richès pou rejyon an. Brasri Budweiser Anheuser-Busch nan Baldwinsville ap mennen nou nan fiti an epi ak pwojè sa a vini gen gwo potansyèl pou kreye kwasans ekonomik ak devlopman kominote".

Manm Asanble William B. Magnarelli te di, "Envestisman nan sous enèji renouvlab pou fiti Eta New York lan se yon priyorite pou alafwa Gouvènè Cuomo ak Asanble NYS. Pwojè solè 2.76 megawat sa a ki fini, ki pral sèvi etablisman Anheuser-Busch nan Baldwinsville, se yon gwo pa nan sans objektif nou pou redwi emisyon kabòn ak ofri elektrisite ki sòt nan sous renouvlab tankou enèji solè. Envestisman sa a Anheuser-Busch ak Eta a fè a pral ofri benefis anviwòmantal ak ekonomik ki miltip pou anpil ane k ap vini".

Manm Asanble Will Barclay te deklare, "Mwen kontan Anheuser-Busch kapab pwofite de avantaj yo ap ofri bay biznis ki ede ofri plis enèji renouvlab tankou solè. Nou espere pwojè sa a pral ede kontrebalanse depans enèji pou izin lan".

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se kalandriye enèji pwòp ak travay ki ap mennen nan nasyon an, pral agresivman mete Eta New York sou yon wout pou ale nan netralite kabòn sou tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab anèji pwòp, sa ki ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi, mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, ki se youn nan objektif ki pi agresiv nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fèk pwopoze sa a ap yon ogmantasyon konsiderab ki ap genyen nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) ki reyisi New York la pou rive 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja investi 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran eskal yo atravè Eta a, pandan li ap ogmante yon fason konsiderab objektif enèji pwòp li yo, tankou: kwadriple objektif enèji ewolyèn New York la jiska 9,000 megawat antan ke lidè nan nasyon an apati 2035; double deplwaman enèji solè ki distribiye a jiska 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisye sa a, NY Green Bank gen entansyon pou itilize ekspètiz li pou simonte defisi finansye yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik nan kolekte plis pase 1 milya dola nan fon pati tyè yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima nan tout New York ak rès Amerik di Nò a.

Akselere "CNY Rising"

Anons jodi a ap konplèman "Central NY Rising", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a deja investi pase 5.6 milya dola nan rejyon an soti depi 2012 pou prepare tèren pou plan an – nan kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere pwojè "Central NY Rising" an ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a, atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative), ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)